Итоговое открытое занятие по родному языку в старшей группе «К1уху ц1ык1у»

Детский сад «Сэтэней»

Даурова Марьяна

Занятием и къэлэн нэхъыщхьэхэр:

Сабийхэм ягу къэгъэк1ыжын сэлам зэрырах, къызэрырахыжхэр; ф1ыщ1э зэрыхуащ1, хьэтыр къызэрык1,уи ф1эщ зэращ1,зэрытрагъэгушхуэ къызэрык1 псалъэхэр, бзэм къагъэсэбэпыфу егъэсэн; хьэл – щэн дахэ зыхалъхьэным хущ1экъун; унэм, псэуп1эм, бынунагъуэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэ хэк1хэр,теп1энхэр, хьэкъущыкъухэр, удзхэр, хьэщхупщхэр, унэпсэущхьэхэмрэ, гъудэ – бадзэхэр ягу къэгъэк1ыжын; гъатхэм и нэщэнэхэр жегъэ1эн; «Пц1ащхъуэ ц1ык1у» усэр ягу къэгъэк1ыжын, «Пы1э къуэдзэ» джэгук1эм гъэджэгун; «К1уху ц1ык1у» и таурыхъыр къыжигъэ1эжын. Я бзэр ф1ыуэ ялъагъуу егъэсэн, хьэл щэн дахэ зэрызыхэлъхьэным хущ1экъун; дуней дыкъэзыухъуреихьыр хъумэным, ф1ыуэ лъагъуным хуэгъэсэн.

1эмэпсымэхэр (сурэтхэу) унэ, уд унэ, дадэ, нанэ, К1уху ц1ык1у, губгъуэ, мэз;

Къэк1ыгъэхэр, хадэхэк1хэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, удз гъэгъахэр, псэущхьэхэр, джэд къазхэр.

Занятием и япэ къихуэ лэжьыгъэ: «К1уху ц1ык1у» таурыхъыр ягу къэгъэк1ыжын.

Псэлъалъэ: 1эл, бысым, епэр, къэрабэ, 1уащхьэ.

Гъэсак1уэ: Феплъыт, ц1ык1ухэ, нобэ дэ хьэщ1э куэд къытхуэк1уащ. Ахэр къыщыщ1ыхьэм гуапэу дэ сэлам къыдахащ, ядывгъэхыжт абыхэм сэлам.

Сабийхэр: Фи пщэдджыжь ф1ыуэ.

Гъэсак1уэ: Ц1ык1ухэ, сэлам хыным мыхьэнэшхуэ и1эщ,уи пщэдджыжь ф1ыуэ, е уи махуэ ф1ыуэ щыжып1эк1э сэлам зэпхым уохъуэхъу и узыншагъэр ф1ыуэ щытыну, нобэк1э сыт хуэдэ 1уэху пэщ1эмыувэми къыдэхъуну. Дэри иджыри зэ дыгуф1эу, нэжэгужэу ди хьэщ1эхэм сэлам ядывгъэхи, гукъыдэж зимы1э ди хьэщ1эхэм я

нэгухэри нэхъ зэ1уха, нобэк1э я 1уэху къыпэщылъхэр нэхъ псынщ1эу зэф1ахыфыну абык1э дайхъуэхъунущ.Мис мы гъэсак1уэхэм я сабийхэр къагъанэри дэ ди деж къэк1уахэщ. Ахэр дэ ди хьэщ1эхэщ.

Гъэсак1уэ: Адыгэм сыт щыгъуи ц1ыхум хьэщ1агъэ ехыным мыхьэнэшхуэ ирату щытащ. Абы теухуауэ сыт хуэдэ псалъэжь дэ зэдгъэщ1ахэр?

Сабийхэр: « Хьэщ1эм и къэк1уэк1эр езым и 1уэхужщ, егъэжьэжыныр бысымым и 1уэхущ». «Адыгэ хьэщ1э быдап1э исщ».

Гъэсак1уэ: Хьэщ1агъэ зэрырах псалъэхэу ди бзэм сыт хуэдэ псалъэхэ къэдгъэсэбэпыр. Мис ди хьэщ1эхэм захуэвгъазэурэ къзжеф1эт.

Сабийхэр: Фыкъеблагъэ. Жьант1эмк1э фыдэхьэ. Сыту ф1ыуэ фыкъытхуэк1уа. Фымык1уэжу т1эк1урэ фыкъытхэс.

Гъэсак1уэ: Нобэ, цык1ухэ дэ дигу къэдгъэк1ыжынущ адыгэ таурыхъ «К1уху ц1ык1у». Сэ къыщ1эздзэнущи си упщ1эм жэуап къефтыурэ таурыхъыр дигу къэдгък1ыжынщ. « Щы1ащ псэуащ зы дадэрэ зы нанэрэ. Ахэм я1эт унэ, ар мыинми 1эбыдэ лъэбыдэу щ1ат». Сыт хуэдэ пэш и1эхэр нанэрэ дадэрэ я унэм?

Сабийхэр: Нанэрэ дадэрэ я унэм и1эт: пщэф1ап1э, хьэщ1эщ, жеип1э, к1элиндор.

Гъэсак1уэ: Нанэрэ дадэрэ я1эт жыг хади, хадэ ц1ык1уи, ахэм гъэ къэс гъавэ бэв кърахт. Дэри дигу къэдывгъэгъэк1ыжт пхъэщхьэмыщхьэхэр. Дэнэ ахэр къыздэк1ыр?

Сабийхэр: Пхъэщхьэмыщхьэхэр жыгым къыпок1эхэр.

Гъэсак1уэ: Къедывгъэбжэк1т.

Сабийхэр: Мы1эрысэ, шэдыгъуэ, кхъужь, пхъэгулъ, жызум, хуэрэджэ (абрикос).

Гъэсак1уэ: Хадэхэк1хэр дэнэ къыздэк1ыр?

Сабийхэр: Хадэхэк1хэр хадэм къыщок1хэр.

Гъэсак1уэ: Къедывгъэбжэк1т .

Сабийхэр: Нартыху, к1эрт1оф, пхъы, бэлыджэ, жэгундэ, нащэ, къэбыстэ, къэб,бжьын, бжьыныху, бэдрэжан (помидор).

Гъэсак1уэ: Нанэрэ дадэрэ ямы1э щы1этэкъым, ауэ абыхэм я1этэкъым бын. Аурэ илъэсхэр к1уэурэ, абыхэм алыхьышхуэм я тхьэлъэ1ур игъэзащ1эри зы хъыджэбз ц1ык1у къахуэхъуащ. Абы ц1эуэ ф1ащащ К1уху ц1ык1у. Нанэрэ дадэрэ къадэгуф1эт я гъунэгъухэри. Ахэр къайхъуэхъут мыпхуэдэ хъуэхъук1э «Хьэл щэныф1эу, ф1ыгъуэ нат1эу, узыншэу куэдрэ фхуигъэпсэу». К1уху хъыджэбз 1эф ц1ык1ут. Ар псоми ящыгуф1ык1ырт, псоми ядэ1эпыкъурт, ф1ыуэ илъагъут 1эщхэр, джэдхэр къуалэбухэр. Дадэрэ, нанэрэ я пщ1ант1эм дэт 1эщхэр жыдывгъы1эт, ц1ык1ухэ.

Сабийхэр: Жэм, шк1э, мэл, бжэн, шы, щынэ.

Гъэсак1уэ: 1эщхэм къинэмыщ1ауи ахэм я1эт унэ псэущхьэхэр. Хэт ахэр кедывгъэбжэк1т.

Сабийхэр: Джэду, хьэ.

Гъэсаку1э: Иджы джэд къазхэр къедывгъэбжэк1т.

Сабиийхэр: Джэд, къаз, гуэгуш, бабыщ, адакъэ.

Гъэсак1уэ: Девгэплъыт иджы К1уху ц1ык1у игъашхэ къуалэбзухэм.

Сабийхэр: Тхьэрыкъуэ, пц1ащхъуэ, къуаргъ, хьэрхъуп, жыгыу1у, къанжэ.

Гъэсак1уэ: Махуэ псом яхэтт игъашхэу, ядэхащ1эу, зэзауэхэр зэк1эрихыжу, псы иригъафэу, гъуэ яхуищ1ыу. Анэмрэ адэмрэ я гуф1эгъуэм к1э и1этэкъым, насыпыуи, гуф1эгъуэуи къалъытэр К1уху ц1ык1ут. Зы махуэ гуэрым гъунэгъу хъыджэбз ц1ык1ухэм мурад

ящ1ащ мэрак1уэхьэ к1уэну, К1уху ц1ык1уи здашэну. Иджы фэ ахэр анэм зэрелъэ1уа псалъэхэр къызжеф1эт?

Сабийхэр: Нанэ, нанэ К1уху цык1у пщэдей мэрак1уэхьэ нэгъак1уэ.

Гъэсак1уэр(нанэ): Хьэуэ, хьэуэ, си сабийхэ, К1уху ц1ык1у иджыри сабий1уэщ пабжьэм хэхьэнщи хэгъуэщэнщ, вгъэк1уэдынщ.

Сабийхэр: Хьэуэ, хьэуэ дгъэк1уэдынукъым. Кхъы1э нэгъак1уэ, дынолъэ1у.

Гъэсак1уэ: Хъунщ, пщэдджыжь фыкъы1ухьэхэ. Жэщ псом нанэ и пхъур игъэхьэзыращ. И щыгъынхэм к1элъыплъащ, и вакъэм ц1ыужу дагъэ щихуащ, 1элъэщ1 хужь ц1ык1уи и щхьэм дыгъэ имыхьэну хуигъэхьэзыращ. Гъуэмыли хурилъхьащ. Сыт ирилъхьар нанэ гъуэмылэу и матэм?

Сабийхэр: Джэд гъэва, щ1акхъуэ, кхъуей хьэл.

Гъэсак1уэ: Нэху щыри хъыджэбз ц1ык1ухэр къежьащ.

Хъыджэбзищ: Уи пщэдджыжь ф1ыуэ нанэ!

Гъсак1уэ(нанэ): Нэхъыф1ыжу си сабийхэ. Тхьэм фигъэпсэухэ. Ц1ык1ухэ , кхъы1э, К1уху ц1ык1у фыхуэсакъ и закъуэ фымыщ1. Фыгъэк1уэдын мыгъуэщи сывгъэунэхъунщ.

Сабийхэр: Псалъэ быдэ удот зыри къыщымыщ1у къэтшэжыну.

Гъэсак1уэ: Арати ежьэхэри к1уэмэ лъеймэ, к1уэмэ лъейхэурэ, я псэлъэнри ямыгэувы1эурэ, ахэр хуэзащ псы 1эрышэ ц1ык1у гуэрым. Абдеж мис мы хьэпщхупщхэр хэсу къалъэгъуащ. Къевбжэк1хэт.

Сабийхэр: Хьэндыркъуакъуэ, бдзэжьей, хьэмблу, блэ.

Гъэсак1уэ: Аурэ ахэр нэсахэщ губгъуэ мэкъуп1эм. А мэкъуп1э щхъуант1э дахэм къытхутепсэлъыхьынщ ди сабийхэр.

Сабийхэр: « Мы сурэтым дэ долъагъу удз 1ув, удз удзыфэ здит губгъуэр. Мыбдеж къыщок1 удз гъэгъа дахэхэр, къэрабэр, епэрыр(фиалка), 1ущхьэр(мак).

Гъэсак1уэ: Къызжеф1эт дапщэ губгъуэм къэрабэу итыр? Сыт хуэдэ абы и плъыфэр?

Сабийхэр: Гъуэжь.

Гъэсак1уэ: Епэрым сыт хуэдэ и плъыфэр?

Сабийхэр: Щхъуант1э.

Гъэсак1уэ: 1ущхьэм сыт хуэдэ и плъыфэр?

Сабийхэр: Плъыжь.

Гъэсак1уэ: Удз гъэгъа дахэхэм къинэмыщ1ауэ мы губгъуэм гъудэ – бадзэхэми къыщалъэтыхьт, къызжеф1эт сыт хуэдэ ахэр?

Сабийхэр: Бадзэ, хьэндрабгъуэ, гъудэ.

Гъэсак1уэ: Губгъуэм адэк1э мэз к1ыр 1ув щытт. А мэзым къыщык1т куэд зи ныбжь жыги, жыгыщ1э ц1ык1уи. Жыдывгъа1эт сыт хуэдэ жыг а мэзым щ1этхэр?

Сабийхэр: Ин дыдэ, ин, ц1ык1у, ц1ык1у дыдэ.

Гъэсак1уэ: Мэзым щ1эт жыгхэм дауэ дахущытын хуей?

Сабийхэр: Дыхъумэн хуейщ, къудамэхэр дыкъутэ хъунукъым. Зыдгъэпсэхуа нэужь ди лъэужьыр дгъэкъэбзэжын хуейщ. Маф1э дыщ1амэ дгъэунк1ыф1ыжын хуейщ. Дуней дыкъэзыухъуреихьыр дыхъумэн хуейщ, ф1ыуэ тлъагъун хуейщ.

Гъэсак1уэ: Сабийхэр да1уэмэ зэхахт мэзым къыщ1э1ук1 псэущхьэхэм я макъыр. Сыт хуэдэ псэущхьэ мэзым щыпсэухэр?

Сабийхэр: Дыгъужь, бажэ, мыщэ, к1эпхъ, тхьэк1умэк1ыхь, цыжьбанэ.

Гъэсак1уэ: Зэи имылъэгъуа мэзыр К1уху ц1ык1у ф1эгъэщ1эгъуэну къеплъыхь. Мэрак1уэри къепщ1. Удз гъэгъахэм 1э ядилъэурэ къек1ухь и гъусэхэри щыгъупщэжауэ. Апхуэдэурэ ар игъусэхэм къак1эрыхуащ. 1ейуэ езэшати 1уащхьэм ц1ык1у гуэрым тегъуалъхьэри имыщ1эхэурэ 1урихащ. Адрей хъыджэбз ц1ык1ухэм я матэхэм из ящ1ащ К1уху ц1ык1уи ягъуэтыжкъм. Гуоуа, губгъуэр къажыхьащ, ауэ къахуэгъуэтыжакъым. Дыгъэри къухьэт, жэщ хъууэ хуежьати сабийхэр къуажэм къэк1уэжахэщ. Тэрэз абы ящ1ар?

Сабийхэр: Тэрэзкъым я псалъэр ягъэпэжыжакъым. Ар щэн 1ейщ. Сыт щыгъуи жып1эр пщ1эжын хуейщ.

Гъэсак1уэ: К1уху ц1ык1уи к1ыф1 хъууэ къэушыжащ, игъусэхэр щимыгъуэтыжым гуоуащ, к1иящ, ар къэшынащ, гъыуэ щ1идзащ. Арати и гупэр здэгъэзамк1э к1уэуэ хуежьащ. К1уэмэ гъымэ, к1уэурэ мэз лъапэм деж зы унэ ц1ык1у хуэзащ. Абы къыщ1эк1ри къыпежьащ зы уд фызыжь ц1ык1у.

- Сыт ущ1эгъыр си дахэк1ей?

- Си гъусэхэм сыкъагъанэри к1уэжахэщ, иджы сыздэк1уэнур сыц1ыхукъым.

- Ат1э щхьэ угърэ абы щхьэк1э. Умыгъ (къедахэщ1ащ ар и щхьэм 1э къыдилъэу игъэбэяуурэ)

-Уэр хуэдэу сэри хъыджэбз ц1ык1у си1эщ, удэджэгунщ. Гулашынщ и ц1эр.(ар унэм щ1ишащ. Гулашынрэ К1уху ц1ык1урэ нэ1уасэ зэхуэхъуащ, зэдэджэгухэт, ф1ыуэ зэрылъагъухэт. 1уэхухэри зэдащ1эрт, хьэкъущыкъухэри ятхьэщ1ырт. Сыт хуэдэ хьэкъущыкъу ятхьэщ1хэтэр?

Сабийхэр: Табэ, к1эструл, фалъэ, шынакъ, тепщэч, пэгун, сэ, лошк1э, гуахъуэ.

Гъэсак1уэ: Теп1энхэри дыгъэ ирагъэут. Сыт хуэдэхэт ахэр.

Сабийхэр: Шхы1эн, шхэнтэ, уэншэку.

Гъэсак1уэ: Аурэ зэманыр к1уэурэ, илъэс тек1а, илэсит1 тек1а К1уху ц1ык1у нэщхъей къэхъуащ, нанэрэ, дадэрэ игу къызэрык1ар Гулэшын жри1ащ. Гулэшын хъыдан хужьым к1уэц1ыпхауэ гъуэмылэ т1эк1у къритри къришэжьэжащ. Мэзым къыхишри гъуэгум къытригъэхьэжри къыжри1ащ: «Жэ иджы си шыпхъу ц1ык1у, зыщ1ып1эк1и умыгъазэу къуэк1ып1эмк1э сыт щыгъуи к1уэ. Гъуэгу махуэ!»

- Си ужьыр махуэ пхуэхъу. Сэ мы гъащ1эм усщыгъупщэнкъым, Гулэшын - жи1эри К1уху ц1ык1у и гъуэгу къытехьэжащ. Дэнэк1э здэк1уэн хуейр К1уху ц1ык1у?

Сабийхэр: Къуэк1ып1эмк1э.

Гэсак1уэ: Сыт абым къик1ыр? Дэнэ лъэныкъуэк1э ар здэщы1эр ? (сэмэгумк1э). Къухьэп1эр дэнэк1э здэщы1эр (ижьымк1э).

К1уху ц1ык1у къыздэк1уэжым и нэ1уасэ къуалэбзухэр къилъэгъуащ. Ахэм еджащ усэ ц1ык1ук1э (усэ «Пц1ащхъуэ»). К1уху ц1ык1у пц1ащхъуэ ц1ык1ухэр къыщыхуэзак1э сыт хуэдэ зэмант ар ядеж къыщык1уэжыр?

Сабийхэр: Гъатхэ.

Гъэсак1уэ: Сыт гъатхэм къэхъур? (удзхэр къок1, жыгхэр къот1эп1, бзухэр къолъэтэж, дыгъэм нэхъыф1у къегъэхуабэ, ц1ыхухэм лажьыгъэхэр халъхьэ).

Сыт щ1ып1э жыжьэм щытлъэгъуахэм жыхуи1эр?

Сабийхэр: Щ1ы1э щыхъук1э бзухэр хуэбап1эм жыжьэу мэлъэтэжхэр. Мис абдеж щилъэгъуахэращ жыху1эр.

Гъэсак1уэ: Пц1ащхъуэ ц1ык1ухэми К1уху ц1ык1у къац1ыхужащ. Ахэр гуф1эщауэ и хъуреягъыр къалъэтыхьт. Къыдэ1эпыкъухэурэ ,

гъуэгур ирагъэлъагъуурэ и унэм къашэжащ. Бзу ц1ык1ухэм нанэ хъыбар ирагъащ1эр:

- Нанэ, нанэ К1уху ц1ык1у къок1уэж.

Нанэ: Ае, мыгъуэ, ар къыздэмык1уэжыным к1уащ. Щхьэ фыкъыздэджэгурэ ?

К1ухуи пщ1ант1эм къыдолъэдэж нанэрэ, дадэрэ чэзууэ зарешэк1. Я гъунэгъухэри гуф1ак1уэ къахуок1уэ. Ахэм жа1эт: « Бохъусыж, бохъусыж, К1уху уи насыпым къигэзащ». Сабийхэри гуф1эу К1уху и деж къэжахэщ. Джэгук1э зэхуэмыдэхэри зэхаублэ. Фэ сыт хуэдэ джэгук1э фц1ыхухэр?

Сабийхэр: Гуащэ унэ, къру - къаз, гъуэрыгъуапщк1уэ, пы1э къуэдзэ, лъэпэху, зэпекъу.

Гъэсак1уэ: Дывгъэджэгут дэри зы джэгук1э: Пы1э къуэдзэ жыхуи1эм къебжэк1к1э пы1эр къэзыдзынур къыдобж.

« Зэк1, ток1, щэк1, пл1эк1, тхуэк1, хэк1».

Мис апхуэдэу нанэрэ, дадэрэ К1уху ц1ык1у къахэхьэжри тхъэууэ псэууэ къэнэжахэщ.

Нобэрей занятием сыт нэхъ фигу ирихьар? Ди хьэщ1эхэм сэлам ядывгъэхыжи дыщ1эк1ыжынщ.

Сабийхэр: Фи 1уэху ф1ы ирик1уэ. Иджыри дынывожьэр.